

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab dipedar ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan, implikasi, sarta rékoméndasi pikeun ka hareupna. Anapon pedarana ieu di handap.

5.1 Kacindekan

Dina ieu panalungtikan, kapanggih 31 kasalahan morfologis dina téks tarjamahan basa Sunda siswa kelas X-F SMAN 2 Bandung taun ajar 2023/2024. Anapon kasalahan morfologis anu panglobana muncul nyaéta kasalahan ngalarapkeun wangun kecap rundayan atawa kasalahan ngararangkénan.

Kasalahan ngalarapkeun wangun kecap rundayan dina téks tarjamahan basa Sunda siswa kelas X-F SMAN 2 Bandung kapanggih 29 data anu diwincik deui dumasar wangunna, nyaéta: 12 kasalahan ngalarapkeun rarangkén hareup; 1 kasalahan ngalarapkeun rarangkén tengah; 3 kasalahan ngalarapkeun rarangkén tukang; jeung 13 kasalahan ngalarapkeun rarangkén gabung. Ari kasalahan ngalarapkeun rarangkén barung mah teu kapanggih.

Tuluy, kasalahan ngalarapkeun wangun kecap rajékan dina téks tarjamahan basa Sunda siswa kelas X-F SMAN 2 Bandung kapanggih 1 data, nyaéta kasalahan ngalarapkeun kecap rajékan dwilingga (dwimurni) binarung rarangkén. Ari kasalahan ngalarapkeun wangun kecap rajékan dwipurwa, dwimadya, jeung trilingga mah teu kapanggih.

Salian ti éta, kasalahan ngawangun warna kecap kantétan dina téks tarjamahan basa Sunda siswa kelas X-F SMAN 2 Bandung kapanggih 1 data, nyaéta kasalahan ngawangun kecap kantétan rakitan anggang. Ari kasalahan ngawangun warna kecap kantétan rakitan dalit mah teu kapanggih.

Ku kituna, nilik kana hasil panalungtikan bisa dicindekeun yén kasalahan morfologis dina téks tarjamahan basa Sunda siswa kelas X-F SMAN Bandung kawilang saeutik. Sanajan kitu, éta hal kudu bisa diropéa sangkan ka hareupna euweuh kasalahan anu sarua.

5.2 Implikasi

Implikasi dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun widang kabasaan ieu panalungtikan bisa ngeuyeuban deui élmu pangaweruh dina tataran morfologi hususna dina prosés ngawangun kecap. Tuluy, pikeun guru tangtuna ieu panalungtikan téh bisa jadi dadasar dina ngajarkeun struktur gramatikal basa Sunda anu bener tur merenah ka siswa sangkan bisa disingkahan kasalahan anu sarua. Ogé, pikeun siswa ieu panalungtikan téh bisa jadi sumber pangaweruh sangkan tulisan anu dihasilkeun téh luyu jeung struktur gramatikal dina basa Sunda.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan kasalahan morfologis dina téks tarjamahan basa Sunda siswa kelas X-F SMAN 2 Bandung taun ajaran 2023/2024 ieu di handap dijéntrékeun sababaraha rékomendasi, nyaéta:

- 1) pikeun guru, nalika siswa dipancénkeun tugas nulis téks basa Sunda, struktur gramatikalna ogé kudu diperhatikeun. Éta hal dilakukeun sangkan siswa nyaho dina tulisanana aya kasalahan, leuwih hadé dicirian atawa dibéré catetan sangkan bisa disingkahan ka hareupna. Tuluy, ieu panalungtikan téh bisa jadi cecekelan pikeun guru, ku lantaran guru bisa nyaho kasalahan morfologis naon waé anu mindeng dilakukeun ku siswa, ku kituna bisa leuwih jero dina ngajéntrékeun proses morfologis nu luyu jeung struktur gramatikal dina basa Sunda;
- 2) pikeun siswa, dina ngawangun kecap basa Sunda kudu leuwih diperhatikeun deui struktur gramatikal basa Sundana. Biasakeun ngagunakeun basa Sunda atawa maca téks basa Sunda, sangkan leuwih loba kandaga kecap anu dipikanyaho. Ku lantaran, kurang makéna basa Sunda téh bisa mangaruhan dina nulis téks basa Sunda; jeung
- 3) pikeun panalungtik, objék panalungtikan anu digunakeun ka hareupna leuwih hadé dina wangun prosa, téks warta atawa nu lianna sangkan leuwih gampang, boh pikeun siswa boh pikeun panalungtik sorangan.